



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PWOGAM \$5 MILYON SOTI DIPLOME VIN  
PWOPRIYETÈ KAY LA (GRADUATE TO HOMEOWNERSHIP PROGRAM)**

***Yo te Konsepsyone Inisyativ la pou Ankouraje Moun ki Fenk Diplome yo vin  
Pwopriyètè Kay, Kenbe ak Atire Jèn Moun ki Plen Talan, ak Revitalize Uit Sant Vil  
nan Rejyon Nò yo***

***Pwogram lan Lanse nan Geneva epi l ap Konplemante Inisyativ pwogram  
“Fingers Lakes Forward” lan (Finger Lakes Vè Lavan) – ki se Plan Direktè Reyisi  
Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) pou  
Kreye yon Ekonomi Solid***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse yon nouvo Program \$5 milyon Soti Diplome Vin Pwopriyètè Kay la pou ede moun ki fenk diplome inivèsite yo pou yo vin pwopriyètè kay pou lapremyè fwa. Pwogram pilòt sa a, ki pral disponib nan uit vil k ap patisipe nan Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil (Downtown Revitalization Initiative) Gouvènè Cuomo a yo, ap ofri prè ipotekè ki gen to fèb, yon prè asistans pou premye vèsman an san frè adisyonèl, ak kou edikasyon sou achte kay.

“Nou kontinye envesti nan devlopman zòn sant vil atravè tout Rejyon Nò New York la yo, epi avèk lansman pwogram inovatif sa, nou pral fè vanse efò nou ap fè yo yon pa annavan lè nou ankouraje jèn ki diplome yo fè envestisman nan kominote sa yo ak nan avni yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Lè nou retire baryè sa yo pou diplome ki plen talan nou yo epi pèmèt yo jwenn opòtinite pou yo gen mayen pou peye pou yon nouvo kay nan Empire State la, nou ap poze fondasyon pou kominote ki pi solid, pi vyab atravè tout New York pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

“Deplizanpli, jèn jodi a yo ap chache travay ak viv nan zòn sant vil la yo ki gen aksè a restoran, magazen, transpò ak kilti kominotè. Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a ap rekonstwi sant vil nou yo pou yo vin tounen kominote pwospè, ki favorab a mach apye kote moun vle vin viv,” **Gouvènè Adjwen Hochul, ki te patisipe nan anons ki te fèt nan Geneva jodi a, te di.** “Nouvo pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyètè Kay la konplete pake a lè yo founi diplome nou yo opòtinite pou yo achte kay nan sant vil nou an yo, sa k ap rann kote sa yo pi atiran kòm yon kote moun vle viv, travay ak elve yon fanmi isit la menm nan Rejyon Nò New York la.”

Nouvo pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyetè Kay la Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal, NYS HCR) te kreye a, ki disponib pou moun k ap eseye achte kay pou lapremyè fwa yo ki fenk diplome nan yon inivèsite agreye ak yon diplòm dezan, katran, yon metriz oswa doktora nan 48 mwa ki sot pase yo. Diplome yo dwe vle achte yon kay nan youn nan kominote k ap patisipe nan Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la yo:

- Vil Jamestown, Rejyon Lwès New York la
- Vil Geneva, Rejyon Finger Lakes la
- Vil Elmira, Rejyon Southern Tier la
- Vil Oswego, Rejyon Santral New York la
- Vil Oneonta, Rejyon Mohawk Valley a
- Vil Plattsburgh, Rejyon North Country a
- Vil Glens Falls, Rejyon Kapital la
- Vil Middletown, Rejyon Mid-Hudson lan

**Komisè HCR la, RuthAnne Visnauskas te di,** “Pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyetè Kay la pral sipòte efò Gouvènè a ap fè pou redinamize ti vil ak vil nan Rejyon Nò New York yo atravè Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la. Pwogram lan pèmèt diplome yo atenn mwayen pou yo vin pwopriyetè kay nan zòn iben yo ki prè pou nouvo opòtinite kwasans ak biznis yo. Lè nou responsabilize plis jèn achte kay epi rete nan zòn sa yo, nou pral ede pwomouvwa antreprenarya ak konstwi kominote vibran ak pwospè alavni.”

Ajans Ipotekè Eta New York la (State of New York Mortgage Agency, SONYMA) ap jere Pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyetè Kay la, yo founi finansman ak pwogram pou moun k ap achte kay pou lapremyè fwa ki gen revni fèb oswa modere nan Eta New York yo. Depi 2011, SONYMA te founi \$1.5 milya nan finansman ipotekè, k ap rann li posib pou plis pase 9,000 Nouyòkè vin pwopriyetè kay yo.

Karakteristik prensipal Pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyetè Kay la gen ladan:

- Prè ipotekè sibvansyone ki gen enterè fèb;
- Prè asistans pou premye vèsman pi plis pase \$3,000 oswa twa pousan pri dacha kay la jiska \$15,000 omaksimòm, san frè adisyonèl;
- Aksè a sibvansyon adisyonèl ak resous ki disponib yo; epi
- Edikasyon ak konsèy sou achte kay yo ka swiv sou entènèt ak sou kanpis yo.

Ajans Ipotekè Eta New York la ap travay ak yon rezo ki gen ladan ajans konsèy sou pwopriyete kay, inivèsite, ak òganizasyon prè imobilye yo pou asire moun k ap prete yo an konesans tout resous ki disponib pou yo, pou konseye moun k ap prete yo sou avantaj repèman ki baze sou revni yo, epi mete aksan sou enpòtans pou yo pran desizyon finansyèl ki byen enfòmè. Rezo sa a pral fonksyone sou kanpis atravè tout rejyon k ap patisipe yo epi li pral ede moun k ap achte kay yo estriktire finans yo nan yon fason ki diminye chans pou gen defo peman oswa yo pa ka peye dèt yo.

Yon Sondaj Nasyonal sou Lojman Fannie Mae a (Fannie Mae National Housing Survey) te fè te montre li posib pou 90 pousan nan moun ki gen ant 25 a 34 an ki ap lwe kay yo ta vle achte yon kay evantyèlman. Vil New York la antèt nasyon an ak plis pase 71 pousan etidyan ki soti nan inivèsite yo ki rete nan zòn lan apre yo fin diplome, men anpil kominote nan Rejyon Nò yo, ki gen ladan Rochester ak Buffalo, ap lite anpil pou fè moun ki diplome yo rete. Avèk ekonomi kwasan ak atiran Rejyon Nò a, ki gen sektè imobilye bon mache yo, kominote sa yo ideyal pou milènè yo achte pwopriyete.

**Senatè Betty Little, ki se Prezidan Devlopman Lojman, Konstriksyon ak Devlopman Kominotè Sena a (Senate Housing, Construction and Community Development Committee) te di,** “Yon eleman entegral pou revitalize yon sant vil se pou l atire moun vin abite ladan, epi pou plizyè rezon, vin pwopriyete kay se yon eleman enpòtan nan ekwasyon sa a. Mwen kontan anpil pou m sipòte pwogram Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a ki te nan bidjè ane pase a epi mwen kontan anpil pou m wè vil Glens Falls ak vil Plattsburgh la pami gayan yo te chwazi nan konpetisyon an. Pandan plan pou kwasans ekonomik nan vil nou yo ap pran pye, mwen gen espwa nou pral wè plis moun ki diplome inivèsite vin konstwi avni yo nan sant vil nou yo. Pwogram pwopriyete kay sa a pral sèvi kòm yon lòt prim ankourajman pou pèmèt kèk ladan yo pou plante rasinn nan zòn iben sa yo.”

**Manm Asanble, Steven Cymbrowitz, ki se Prezidan Komite Lojman Asanble a (Assembly's Housing Committee) te di,** “Pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyete Kay la bay jèn ki diplome inivèsite nou yo sipò finansye ak edikasyonèl yo bezwen pou plante rasinn yo epi ede konstwi anpil kominote ki vibran epi ki estab. Sa a se yon opòtinite pou chanje lavi yo, yon vi ki pral fòje chanjman pozitif epi enspire investisman ak angajman alontèm nan aksyon lojman nou yo ak nan katye nou yo.”

**Prezidan Inivèsite Kominotè Finger Lakes la (Finger Lakes Community College, FLCC) Doktè Robert Nye te di,** “FLCC ap travay ak kominote a pou yo asire etidyan nou yo gen konpetans ak konesans yo bezwen pou yo reyisi nan ekonomi lokal la. Pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyete Kay la founi yon prim ankourajman mayifik pou etidyan nou yo: kapasite pou yo achte yon kay nan kominote kote yo ap viv ak travay la. Nou atann pou nou lanse pwogram sa a, pandan nou konnen konbye li pral gen efè pozitif pou ansyen etidyan FLCC yo ak pou kominote a an jeneral.”

**Konsechè Pwopriyete Kay Konsèy Lojman Keuka a (Keuka Housing Council), Shawn Blauvelt te di,** “Homesmart NY atann pou nou ede prim ankourajman Gouvènè Cuomo pou kenbe talan ki diplome nan inivèsite nan zòn nou an yo, epi plis ogmante kwasans nan kè Rejyon Finger Lakes la.”

**John Johnson, Direktè Egzekitif, The Technology Farm lan te di,** “Pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyete Kay Gouvènè Cuomo a pral yon elan enpòtan nan efò rejyon nou an ap fè pou atire jèn antreprenè yo vini nan rejyon an epi mache men nan men ak devlopman ekonomik nou ap chache nan Rejyon Finger Lakes la.”

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyete Kay SONYMA a, vizite sitwèb nou an nan: [www.sonyma.org](http://www.sonyma.org) oswa rele 1-800-382- 4663.

### **Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil (Downtown Revitalization Initiative)**

Pwogram Soti Diplome Vin Pwopriyetè Kay la konpleman te efò Gouvènè Cuomo ap fè deja yo pou revitalize kominote atravè tout New York la yo, espesyalman nan Rejyon Nò a. Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil lan se yon pwogram \$100 milyon pou kapab transfòme kominote yo vanse pou devlopman nan vwazinaj dinamik yo kote pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv epi travay. An 2016, 10 kominote atravè eta a te resevwa yo chak \$10 milyon nan finansman eta pou yo revitalize katye lokal la yo epi jenerere nouvel opòtinite yo pou kwasans ak pwosperite alontèm.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418